

Kòman CMV konjenital la kapab afekte tibebe m nan?

Tibebe ki fèt avèk CMV konjenital yo ka vin devlope yon seri pwoblèm sante depi lè yo fèt oswa byen bonè nan peryòd anfans yo.

Yon tibebe ki gen CMV konjenital ka gen:

- Pèt odisyon
- Ti tèt
- Kriz
- Reta devlopmanal
- Pèt vizyon

Kòman mwen kapab anpeche tibebe m nan trape CMV konjenital?

Moun ki ansent oswa ki ka petèt vin ansent yo dwe evite kontak avèk saliv ak pipi, sitou saliv ak pipi timoun piti yo.

Pou ede w pwoteje tibebe w la k ap devlope a

- Paran ki ansent yo dwe lave men yo apre yo fin chanje kouchèt sou timoun yo, apre yo fin ba yo manje, ak apre yo fin netwaye yo.
- Lave men w pandan omwen 20 segonn oswa itilize yon dezenfektan pou men ki fèt abaz alkòl. Kite l seche.
- Evite pataje bwòsdan.
- Netwaye atik tankou jwèt ak veso pou moun manje yo nan dlo cho, ki gen savon pou w kapab retire mikwòb tankou CMV.

Resous

Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) la

www.health.ny.gov/diseases/communicable/cytomegalovirus/fact_sheet.htm

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention)

www.cdc.gov/cmvr

Pwogram pou Entèkansyon nan Zafè Odisyon ak Deteksyon Bonè nan Eta New York (New York State Early Hearing and Detection Intervention Program)

www.health.ny.gov/community/infants_children/early_intervention/newborn_hearing_screening/



CMV konjenital la se premye bagay ki lakoz pèt odisyon ki pa jenetik nan peryòd anfans.

Pwoteje Tibebe W la kont Sitomegaloviris (CMV)

Enfòmasyon moun dwe konnen sou CMV

Pou Moun ki Ansent oswa Ki Ka Petèt Vin Tonbe Ansent yo



Department of Health



Department of Health

Kisa sitomegaloviris (cytomegalovirus, CMV) la ye?

(yo pwononse l sy-toe-MEG-a-low-vy-rus nan lang Anglè))

CMV se yon viris ki komen ki kapab afekte moun ki nan tout tranche laj. CMV pa lakoz okenn sentòm kay pifò moun. Gen lòt moun ki ka gen sentòm tankou grip, pa egzanp lafyè, malgòj, fatig, ansanm ak glann ki anfle.

Kòman CMV pwopaje?

CMV pwopaje atravè likid kò, tankou pipi, saliv, espèm, fliyid vajinal, dlo je, lèt tete, epi san. Moun souvan enfekte avèk CMV la lè y ap pran swen timoun piti.

Kisa ki CMV konjenital la?

Lè yon moun ki ansent enfekte avèk CMV, yo ka transmèt li bay tibebe yo a k ap devlope a. Yo konsidere yon timoun ki fèt avèk CMV kòm yon timoun ki gen CMV konjenital.

CMV konjenital se enfeksyon ki pi komen nan peyi Etazini ke paran ki ansent yo transmèt bay tibebe. Se koz prensipal pèt odisyon ki pa jenetik lakay tibebe ki fenk fèt yo.

Kòman m ap fè konnen si tibebe m nan gen CMV konjenital?

Si tibebe w la prezante siy CMV konjenital depi lè li fèt, pwofesyonèl swen sante tibebe w la ka rekòmande pou l fè tès pou CMV konjenital.

Yo kontwole odisyon tout tibebe ki fèt nan New York yo tousuit apre nesans yo. Li ka nesesè pou yo kontwole odisyon tibebe w la ankò apre w fin kite lopital la. Si se sa, yo ka fè tès pou tibebe w la tou pou yo wè si li pa gen CMV konjenital.

Si w pè pou tibebe w la pa gen CMV konjenital, pale avèk pwofesyonèl swen sante pitit ou a.

Anpil moun entwodui jèm tankou CMV nan kò yo lè yo touche zye yo, nen yo, ak bouch yo.

Aktyèlman, pa gen vaksen pou fè prevansyon kont CMV konjenital.

Si w ansent oswa ou planifye pou vin ansent, pale ak pwofesyonèl swen sante w la pou jwenn plis enfòmasyon sou CMV konjenital. Dekouvri kisa w kapab fè pou diminye sou risk pou gen enfeksyon.

Asire w ou lave men w avèk dlo savon oswa itilize yon dezenfektan pou men ki fèt abaz alkòl apre w fin touche saliv oswa pipi timoun piti yo.

